

Fé plan an avans: Gadri ak paran an kap atann

Felisistasyon! Vi ou pral chanje nan yon jan ki konpetan e ki méveye. Ke se ta premye ou katryem tibebe'w, yon nouvo bebe ap kenbe'w tré okipe e semén matenite sa yo ap prale kan out a bat je'w. li enpòtan pou fè plan an avans pou gadri pou zafè tranzisyon retounen nan travay ou ka trè fasil pou ou.

Zafè chwazi kalte gadri kap pi bon pou ou ak chwazi sipòte ke ou ta swete genyen an pran anpil rechèch, anpil entèvyo pa telefòn ak anpil vizit. Paske tan ak enèji trè pri aprè tibebe a finn fèt, se nan pi bon entere'w pou'w komanse rechèch gadri'w anvan ke'w akouche pitit ou.

Pandan ke'w ansent lan, ou menm, tankou anpil lòt paran kap atann, ka chanje ide'w sou ki kalte swen ou ak ki kalte skedjil ou vle genyen apre tibebe ya finn fèt. Eseye jistifye tèt ou enkete tout diferan kalte swen pou chwa ke'w fè ya ka younn ke ou gen enfòmasyon'l e ke ou gen anpil sekrè sou li.

Premye etap nan rechèch ou se ta pou pran telefòn nan pou'w rele sant resous swen timoun nan (CCRC). Li pa janm tròta pou'w kòmanse edikasyon koum yon konsime nan swen timoun. Konseye ya kap ede'w abitye avèk kalite swen ki disponib, pri ki abòtab, teknik entèvyo, siy ak kalite ak anpil lòt pwoblèm. Konseye ya ka fè yon rechèch preliminè pou sant ak sipòtè gadri ki sèvis timoun ak orè ou.

1) Si'w entere'w se nan gadri anndan lakay li ye, konseye ya ka ba ou guid CCRC pou jwenn e itilize gadri anndan lakay, referans a kèk ajans e kèk bon enstriksyon pou'w ka chache pou kont ou. Si entansyon se pou itilize yon ajans, entevyou e konpare yo byen anvan ou angaje'w a younn. Reyalize ke entevyou sa yo ka pran kèk semen e menm kèk mwa, sa di'w pou'w seleksyone ajans ou vle ya anvan bebe ya fèt.

Si w'ap chèche pou kont ou, itilize tan'w anvan bebe ya fèt pou'w deziye kontra'w, aprann responsabilite'w kom yon anplwaye, chèche jwenn papye ki korèk nan men govenman an, fe plan anonsman ak ki kote pou plase anonsman sa yo. Lefini travay ak asosye ou yo. Yo ka byen konnen yon grann ki ka disponib le'w bezwen swen. Wap vle koumanse fe entevyou aktiveman kat a wit semen anvan ke'w ta bezwen swen.

2) Konseye CCRC'w la ka ba ou non sipote family gadri kap vle pale ak paran kap atann. Paske sipotè ak lisans yo gen dwa pou bay Selman de timoun andesou laj kinz mwa swen (selsi yo gen yon asistan), anrolman an ka chanje vit si yon fanmi kite pwogram nan. Sipotè yo pa jenm kenbe yon plas vid pou lontan paske plas sa a ka reprezante 1/6 nan salè yo. Pou rezon sa a, sipote fanmi gadri pafwa pakab bay garanti pou plas yon timoun jiskaska huit semèn swen an bezwen.

Sa pa vle di ke'w pa ta dwe vizite sipotè gadri pandan ke w'ap atann. Si wap konsidere gadri fanmi, vizite o mwen twa sipote pou'w ka gen yon ide sou kisa gadri anndan lakay ye. Si ou jwenn yon sipote an patikilye ke ou ta renmen nan period preliminèsa a, fè li konnen interè'w an menm li kenbe kontak na telefòn avè'w. Si ou enterese ak angajman sa a ka bay sipote ya plis anvi kenbe yon plas pou ou le li vinn disponib. Depi ou ta fè tibebe ya epi ou ta bezwen swen kat a huit semen an avans, konseye CCRC ou a ka bay sipote ki gen yon plas

disponib referans. Anpil paran santi ke sipote yo pran plis o serye le bebe ya fèt.

3) Si ou gen preferans pou yon gadri pou pitit ou, li enpòtan pou koumanse rechek ou pi bonè ke posib nan epòk ke ou ansent lan. Paske pa gen anpil sant timoun ki ekipe, ti pousantaj timoun nan (3:1 oubyen 7:2), ak pousantaj timoun nan klas(7:!), plas pou timoun yo fèt pou rezeve an avans. Gen sant ki gen lis timoun de ennan ou plis! Pi fò nan sant yo ap mande'w pou'w enskri non'w nan lis datant lan, epi endike ki lè wap bezwen swen. Donk, depi ou ta finn vizite sant ki nan zon ou a epi outa finn seleksyone sa yo ke ou pi renmen yo, enskri sou lis datant yo a. Menm para n ki geneyn employe ki bayo yon sant nan travay ta dwe gen plizyè plan pou si plas ki ouvè yo pa ta disponib ankò nan sant sa a. Si ou tann jis nan denye moman pou cheche gadri, eseye vizite anpil sipote epi fè anpil rechek sou opsyon. Si yo ta limite, sant resous pou timoun nan ka bay ou enfòmasyon kap kapab asiste'w vit men kap pase pa rechek child care nan anviron ou a.

**Child care resource center inc
Parent services 617-5472982 or 1-800-582-815
E-mail:services@ccrinc.org
<http://www.ccrinc.org>**

user name/password:child123